



**PLAN**  
Nubian Square  
Roxbury


# Revizyon Apèl Dòf (RFP) pasèl Malcom X ak Crescent yo

23 mas 2020

## Ajennda

- 1. Pou gade sa nou fè, kote nou ye kounye a epi pwochen etap yo.**
- 2. Prezantasyon kòmantè ki sòti nan atelye RFP Malcom X ak Crescent yo**
- 3. Pwochen etap**

## PLAN: Nubian Square Zon





-  Fwontyè Zòn Etid la
  -  Pasèl Idantifye
  -  Pasèl idantifye Pwovizwam RFP Annatant pou
  -  Pasèl Amenajman
  -  Sit yo dejà mete nan RFP

# PLAN: Nubian Square

Preserve. Enhance. Grow.



## Pwosesis a Dat:




# PLAN: Nubian Square

Preserve. Enhance. Grow.



## Pasèl Malcolm X



## Malcolm X - Kòmantè yo Resewwa ak Repons

### Izaj

**Kòmantè:** Izaj kiltirèl premye etaj oswa izaj komès andetay lokal

**Repons:** "Yo pèmèt izaj komèsyal, komès andetay oswa kiltirèl nan premye etaj sou Malcolm X Boulevard la. Izaj sa yo dwe sèvi pou biznis lokal ki reponn ak bezwen kominote a epi ki estimile Malcolm X Boulevard la," (paj 14)

**Kòmantè:** Espas komès andetay pa nesesè nan yon distri lekòl/rezidansyèl

**Repons:** RFP a ankouraje komès andetay nan premye etaj la men li pa egzije sa.

**Kòmantè:** Developè ta dwe sibvansyone komès andetay nan premye etaj pou fè li abòdab pou yon gwoup ki ta desèvi kominote a

**Repons:** Objektif Developman Ekonomik la (paj 9) egzije pou pwopozisyon yo fè pwomosyon biznis lokal ak kreyasyon djòb, avèk yon aksan sou plis opòtinite pou biznis ki lokal, ki gen pwopriyetè ki se minorite oswa ki se anm epi ankouraje estrateji kreyatif pou ede pwopriyetè biznis yo pou akimile kapital.

# Malcolm X - Kòmantè yo Resewwa ak Repons

## Transpò ak Sikilasyon

**Kòmantè:** Zòn sa a deja gen pwoblèm trafik ak sekirite akòz lekòl ak enstitisyon kominotè yo ki toupre. Pran sekirite ak trafik an konsiderasyon.

**Repons:** "Akòz pwoksimite Pwopriyete a ak 2 lekòl, pwopozisyon yo ta dwe fè plis atansyon avèk enpak pwopozisyon an sou trafik ak sekirite lekòl," (paj 15) Pwomotè seleksyone a pral sibi yon revizyon total transpò avèk Depatman Transpò Boston (Boston Transportation Department) nan kad Atik 80 pwosesis revizyon amenajman an.

**Kòmantè:** Mete aksans sou sit la ki ta dwe gen amenajman transpò piblik pou dekouraje estasyònman. Mete enfòmasyon sou distans apati transpò piblik nan RFP a.

**Repons:** "Pwopriyete a, a 5 minit apye apati estasyon Dudley Square, ki desèvi plizyè liy otobis epi a 10 minit apye apati estasyon Liy Oranj Roxbury Crossing la," (paj 5)"Pwopozisyon yo ta dwe fè pwomosyon yon anviwònman aksesib pou pyeton avèk sikilasyon arebò lari yo epitou atravè sitla. Konsepsyon amenajman sa yo ta dwe respekte Direktiv Konplè Lari Vil la. Konsepsyon an dwe ankouraje itilizasyon bisiklèt ak transpò piblik epi dwe founi estasyònman an sekirite pou bisiklèt sou sit la pou tout itilizatè ak rezidan nan respè Direktiv Pakin Bisiklèt Depatman Transpò Boston an," (paj 15)

# Malcolm X - Kòmantè yo Resewwa ak Repons

## Konsepsyón

**Kòmantè:** Preferans pou wotè ba, pi pre 40 pye

**Repons:** "Wotè biling yo kapab varye ant karant pou rive swasant (40 pou 60) pye men ta dwe fè atansyon avèk anviwònman vwazen yo pou yo mache avèk anviwònman wotè ak gwoupman ekzistan an. Kominote a eksprime yon preferans pou wotè ba sou sit la. Biling yo ta dwe respekte echèl rezidansyèl ozalantou sou Putnam Place ak Roxbury Street. Biling sou Pwopriyetea dwe entegre chanjman nan topografi nan gwoupman ak konsepsyón global biling nan." (paj 16)

**Kòmantè:** Pa kouvri frèsk miral Marcus Garvey a

**Repons:** "Pwopozisyon yo dwe gen ladan espas ouvè sou arebò nò pasèl la ant nenpòt nan biling yo pwopoze yo ak estrikti vwazen an," (paj 16)

**Kòmantè:** Varye konsepsyón an nan pwojè sa yo pou tout biling yo pa sanble menm, men mache ansanm yon fason estetik

**Repons:** "Biling yo dwe montre idantite katye a ak biling nan Malcolm X Boulevard yo nan rekònèt istwa kiltirèl ak achitekti rich li a atravè yon konsiderasyon espesyal pou materyèl konstriksyon bon kalite ak ekspresyon fasad," (paj 17)

## Malcolm X - Kòmantè yo Resewwa ak Repons

### Lojman

**Kòmantè:** Gwo pousantaj lojman ki aksesib

**Repons:** Yon ti amenajman sou yon ti echèl gen dwe pa kapab sipòte plis lojman aksesib pase sa FHA/AAB/ADA egzije a.

**Kòmantè:** Egzije koperativ aksè a pwopriyete abòdab oswa lokasyon-acha

**Repons:** Li kapab pa posib pou oblige estrateji sa yo men nou gen pawòl nan RFPA ki ankouraje yo: "Manm kominote a te eksprime eksitasyon yo pou estrateji inovan ki sipòte estabilite kominotè tankou estrateji pwopriyete koperatif, patisipasyon nan fidisi fwonsyè ak lokasyon-acha. Ajoute eleman sa yo oswa eleman ki sanble sa yo ak/oswa lòt estrateji inovan pou anpeche deplasman pral ogmante avantag pwopozisyon an," (paj 28)

**Kòmantè:** Klase pwopozisyon avèk lojman pou fanmi kòm gen plis avantaj

**Repons:** "Manm kominote a te eksprime bezwen pou lojman ki pi gwo avèk 2, 3 ak 4 chanm akoucheki bon pou fanmi. Yo pral konsidere yon melanj lojman ki gen ladan pi plis lojman pou fanmi kòm gen plis avantaj," (paj 11)

**Kòmantè:** Poukisa sit sa a pral gen lojman?

**Repons:** Sit sa a se yon zòn rezidansyèl premyèman, kidonk itilizasyon pou lojman se yon bon bagay.

## Malcolm X - Kòmantè yo Resewwa ak Repons

### Lòt Enkyetid

**Kòmantè:** Yo pwopoze yon biling ki ka pran anpil moun toupre pasèl sa a. Kijan RFP sa a pral adrese enkyetid kominote a parapò avèk pwojè sa a?

**Repons:** Yo pral pran an konsiderasyon enkyetid kominote a te eksprime sou Pwojè Fairfield la depi pwojè sa a mande pou Revizyon Amenajman Atik 80 a. Nan RFP Malcolm X la, nou gen opòtinite pou di sa nou vle pou pasèl akote a epi relasyon ant yo 2 a.

**Kòmantè:** Enkyetid sou vyolasyon espas vèt akòz amenajman  
**Repons:** Si kòmantè sa a gen arevwa avèk pasèl ki pou Depatman Amenajman Katye (Department of Neighborhood Development) ak anpeche vyolasyon se anba responsabilite yo.

**Kòmantè:** Pa gen nesesite siveyans oswa pwofilaj etidyan BPS yo

**Repons:** Enkyetid sa a tonbe andeyò responsabilite pwosesis RFP sa a.

# PLAN: Nubian Square

Preserve. Enhance. Grow.



## Pasèl Crescent



## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Izaj

**Kòmantè:** Retire egzijans pou etaj anwo yo se lojman, pou pwomotè yo gen opsyon pou pwopoze plis espas komèsyal nan etaj anwo yo. Sa pral pi pozitif pou katye a.

**Repons:** "Nivo pi wo yo kapab gen izaj rezidansyèl oswa biwo enstitisyonèl/komèsyal," (paj 20)

**Kòmantè:** Aksan sou espas kiltirèl ak espas pou gwo rankont kominotè pou entegre epi rekonektekominote a. Priyorize espas kominotè ak kiltirèl pase komès andetay nan premye etaj pa t mache nan lòt sit nan katye a.

**Repons:** "Kominote a eksprime yon gwo preferans pou sèvis kiltirèl ak espas pou rankont kominotè ki kapab sèvi kòm kè kominote lokal la. Pwopozisyon ki gen izaj komès andetay ta dwe bay yon analiz ki montre viyabilite komès andetay nan Ruggles Cluster la," (paj 20)

## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Sèvis (Swit)

**Kòmantè:** Aksan sou kilti ak eritaj Roxbury ak Nubian Square la

**Repons:** "Atansyon parapò avèk istwa kiltirèl rich katye enpòtan sa a esansyèl. Pwomotè yo ta dwe sèvi avèk amenajman tankou yon katalizè pou fè pwomosyon atizay, kilti, edikasyon, komès ak antrepriz komès andetay nan zòn la. Yo favorize enfrastrikti kiltirèl katye a tankou mize, galri da, libreri, espas lwazi, espas espektak ak espas vi/travay atis," (paj 13)

**Kòmantè:** Ajoute "edikasyon" nan izaj pwopoze yo

**Repons:** "Sit 1.8 ak la, ansanm avèk lokalizasyon antre a, kapab pwograme pou plizyè kalite izaj, ladan, men san se pa sa yo sèlman: lojman, biwo enstitisyonèl/komèsyal, edikasyon, komès andetay, sèvis kominotè oswa kiltirèl epi espas pou sektè sante ak travay dirab," (paj 19)

**Kòmantè:** Aksan sou devlopman ekonomik ak respè Estanda Bon Travay (Good Jobs Standards)

**Repons:** Gade Objektif Devlopman Ekonomik (paj 13) ak egzijans soumisyon Plan Estrateji Bon Travay (Good Jobs Strategy Plan) (paj 31)

## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Transpò ak Sikilasyon

**Kòmantè:** Asire direktiv transpò yo kowòdone avèk Depatman Transpò Boston

**Repons:** Ekip Planifikasyon Iben nou an kowòdone avèk Depatman Transpò Boston an. Anplis de sa, pwomotè seleksyone a pral sibi yon revizyon total transpò avèk Depatman Transpò Boston (Boston Transportation Department) nan kad Atik 80 pwosesis revizyon amenajman an.

**Kòmantè:** Gen enkyetid sou trafik nan Ruggles St. ki pral ogmante poutèt amenajman a. Entèsekson Ruggles/Renaissance Park deja gen gwo trafik.

**Repons:** Pwoblèm sa a pral jwenn repons nan kad revizyon transpò amenajman an pandan pwosesis revizyon amenajman Atik 80 a.

**Kòmantè:** Mande lokatè pou bay sibvansyon T-Pass pou anplwaye yo

**Repons:** "Yo ankouraje pwomotè yo pou idantifye lokatè ki angaje pou bay sibvansyon T-Pass pou anplwaye yo," (paj 23)



# Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

## Transpò ak Sikilasyon (Swit)

**Kòmantè:** Malgre Amenajman Transpò Piblik mete aksan sou diminisyon estasyònman, tèlman pa gen anpil estasyònman nan zòn sa a li t ap yon avantaj pou ajoute estasyònman nan amenajman sa a. Priyorize izaj ki pa pral ajoute demann pou estasyònman.

**Repons:** "Nouvo amenajman yo dwe oryante yon fason estratejik pou fè koneksyon yo pi fasil de biling lan a enfrastrikti kominotè toupre yo tankou estasyontranspò piblik, moniman ak pak piblik epitou kreye epi ranfòse prensipal koridò piblik yo pou ogmante aktivite pyeton, ankorage transpò piblik epi fè pwomosyon itilizasyon bisiklèt, epi dwe founi estasyònman an sekirite pou bisiklèt sou sit la pou tout itilizatè ak rezidan nan respè Direktiv Pakin Bisiklèt Depatman Transpò Boston an," (paj 22) "Amenajman dwe ankorage itilizasyon bisiklèt ak transpò piblik epi dwe founi pakin an sekirite pou bisiklèt sou sit la pou tout itilizatè ak rezidan," (paj 23) Demann pou pakin pral depann de sèvis ki pwopoze sou sit la

# Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

## Transpò ak Sikilasyon (Swit)

**Kòmantè:** Raynor Circle pa ta dwe konsidere tankou dèyè propriyete a paske li anfas yon katye rezidansyèl. Aksè espas chajman pa dwe mennen plis trafik nan ri rezidansyèl yo.

**Repons:** "Aksè transpò jeneral ak sèvis nan Raynor Circle atravè Ruggles Street epi petèt apati Brook Marshall Road dwe gen yon konsepsyon ke yo fè avèk atansyon pou diminye enpak yo sou katye rezidansyèl la. Etablisman sèvis chajman ak dechajman yo pa dwe plase nan lari epi dwe kache epi kontwole pou vi a. Yo ta dwe konsevwa yo pou anpeche kamyon fè manèv bak nan dwad pasaj piblik la," (paj 23)

**Kòmantè:** Aksan sou bezwen pou pwomotè yo pou kowòdone avèk Plan Lari Konplè Melnea Cass ak Ruggles la.

**Repons:** "Re-amenajman ta dwe kowòdone avèk Pwojè Dizay Rekonstriksyon Melnea Cass Boulevard pou re-dizay ang Sidwès entèsekson Tremont Street ak Melnea Cass Boulevard epitou Pwojè Rekonstriksyon Ruggles Street la," (paj 18)" Anplis de sa, novo amenajman an ta dwe travay avèk Pwojè Rekonstriksyon Melnea Cass Boulevard pou amelyore pi plis toujou koneksyon san danje epi konfòtab pyeton ak siklis yo atravè Tremont Street ak Melnea Cass Boulevard. Pou kounye a, Depatman Travo Piblik Vil la ap mennen yon inisyativ re-dizay Ruggles Street, nan patenarya avèk lòt depatman ak ajans vil la. Nuevo amenajman an dwe ede ranfòse Ruggles Street tankou yon modèl koneksyon miltip sòti nan Ruggles Station pou rive Nubian Square," (paj 22)

## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Konsepsyon

**Kòmantè:** Asire klòch legliz la vizib

**Repons:** "Gwoupman dwe fèt byen Iwen dèyè sou liy Ruggles Street la pou konsève koridò vi sòti nan estasyon Ruggles la pou rive nan klòch Sant Pawasyal SaintKatharine Drexel la," (paj 20)

**Kòmantè:** Priyorize pemeyabilite

**Repons:** Gwoupman ak bildin ta dwe bay espas pemeyab pou limye, lè, vi ak sikilasyon," (paj 21)

**Kòmantè:** Pran an kont yon fason proaktif amenajman Whittier Choice ak P-3 epi kijan sit sa yo mache youn ak lòt.

**Repons:** "Re-amenajman Pasèl Crescent la egzijib pou jwe yon wòl entegral nan asire tranzisyon konpatib fòm ak echèl iben nan mitan re-amenajman posib sou fasad Tremont Street ak Melnea Cass Boulevard: Pasèl sit P-3, sit aktyèl Whittier Street Housing ak sit amenajman lojman nan mitan bildin Madison Park la, (paj 18)

## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Dizay (Swit)

**Kòmantè:** 15 etaj twò wo. Wotè ta dwe limite a 10 etaj, avèk yon preferans pou wotè ba pou entegre nan rès katye a apre Tremont ak Melnea Cass.

**Repons:** "Wotè bildin yo kapab varye antre 60 ak 1050 pye. Yo dwe dizay wotè biling avèk atansyon pou ranfòse karakteristik fizik vwazinaj la, montre lokalizasyon antre a epitou rekonèt echèl amenajman rezidansyèl akote yo. Pwopozisyon ki gen ladan wotè ki wo anpil dwe montre yon fason ki klè pi gwo benefis yo pou kominote a. Amenajman ta dwe tou respekte echèl ba global sit lojman Madison Park la epi rapwoche yo arebò propriyete Raynor Circle," (paj 20)

**Kòmantè:** Aksan sou espas ouvè kòm yon benefis kominote a, poutèt pa gen anpil nan zòn sa a. Prezève yon espas vèt sou Melnea Cass.

**Repons:** "Pwopozisyon yo ta dwe gen ladan espas ouvè piblik tankou lakou ak jaden ki disponib pou sèvi piblik la. Kominote a te eksprime yon dezi pou espas ouvè ki kapab sèvi kòm yon espas pou rankont kominotè," (paj 25)

# Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

## Dizay (Swit)

**Kòmantè:** Raynor Circle pa ta dwe konsidere tankou dèyè propriyete a paske li anfas yon katye rezidansyèl. Ta dwe gen fasad, dizay ak espas ouvè enpòtan ki fè fas avèk katye a epitou Tremont and Melnea Cass. Vye espas pou depo fatra pa ta dwe bay fas avèk zòn rezidansyèl oswa jennen koneksyon pyeton atravè katye a.

**Repons:** "Antre bildin prensipal yo, lòbi ak fasad lari ta dwe lokalize sou Tremont Street ak/oswa Melnea Cass Boulevard epi amenajman an ta dwe byen fè atansyon pou asire dizay fasad dinamik vè amenajman lojman Church ak Madison Park la," (paj22) "Espas dechaj, espas oswa estrikti estokaj anplis epi poubèl dwe plase nan do propriyete a epi dwe kache kòmsadwa pou yo pa wè yo apati Melnea Cass Boulevard, Tremont Street ak Raynor Circle," (paj 22)

## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Lojman

**Kòmantè:** Egzije AMI ki abòdab pou moun ki gen revni ki pi ba yo nan katye a.

**Repons:** Gade objektif Lojman Abòdab/Revni Limite a (paj 15) pou yon repatisyon egzijans pri abòdab yo. 10% tout lojman yo pral egal oswa pi ba pase 30% AMI a, 1/3 nan tout lojman yo pral egal oswa pi ba pase 50% AMI a, 1/3 tout lojman yo pral ant 60%-100% AMI a avèk yon mwayèn ki pa depase 80% AMI a. Rès 1/3 lojman yo pral gen pri mache a. Melanj lojman sa a detèmine atravè PLAN a: Nubian Square trete tankou yon mwayen pou ni kreye lojman abòdab pou moun sa yo ki ap viv nan katye a ni kreye yon baz konsomatè pou sipòte biznis lokal yo.

**Kòmantè:** Aksan sou lojman pou fanmi

**Repons:** "Manm kominate a te eksprime bezwen pou lojman ki pi gwo avèk 2, 3 ak 4 chanm akouche ki bon pou fanmi.Yo pral konsidere yon melanj lojman ki gen ladan pi plis lojman pou fanmi kòm gen plis avantaj," (paj 16)

## Crescent - Kòmantè yo Resevwa ak Repons

### Lòt Enkyetid

**Kòmantè:** Yon reyiyon kominotè ta dwe fèt nan Legliz St. Katharine Drexel

**Repons:** Legliz la pare pou resevwa yon reyinyon pou diskite sou pwojè a si yo vle sa

## Pwochen Etap RFP yo

- Soumèt kòmantè epi dat egzijib **6 avril 2020**
- Nou pral amelyore RFP yo epi pibliye yon vèsyon Final
- Si nenpòt moun gen kesyon oswa kòmantè, tanpri voye yon imèl pou nou oswa soumèt kòmantè yo **nan lyen sa a.**

**Nou pral reponn a tout kesyon ak kòmantè epi poste yo sou entènèt apre peryòd kòmantè a fini.**

**Lè nou gen plis enfòmasyon sou yon dat reyinyon nan lavni, nou pral voye yon imèl ba tout moun.**